



Pou Piblikasyon Imedya: 15/05/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL AKEYI CHANPYONA PGA 2023 A NAN ROCHESTER

Tounwa 2023 a make katriyèm chanpyona PGA a nan rejyon Finger Lakes New York la

Evènman spòtif ki gen renome mondyal la prevwa atire plis pase 225,000 espektatè, pote gwo ogmantasyon ekonomik nan rejyon Finger Lakes la

Pak Degistasyon Eta New York la ki prezante pa Taste NY ak I LOVE NY pral montre pwodwi lokal yo ak òf touristik yo pandan tout semèn lan

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te akeyi jwè gòlf yo ak vizitè yo nan Chanpyona PGA 2023 a nan Oak Hill Country Club nan Rochester, ak tounwa a k ap kòmanse jedi 18 me a. Evènman k ap dire yon semèn lan prevwa jenere yon enpak ekonomik ki estime a 190 milyon dola nan depans dirèk, endirèk ak depanse pwovoke, ak plis pase 225,000 espektatè yo prevwa k ap patisipe. Sa pral pote yon repèkasyon pozitif soun plan ekonomik yon fason drastik, paske vizitè yo pral manje epi rete nan rejyon an, sipòte biznis lokal yo epi eksplòre tout sa Finger Lakes gen pou ofri. Evènman an make katriyèm fwa Oak Hill te akeyi chanpyona PGA a; dènye tounwa a te fèt an 2013.

"Chanpyona PGA a se youn nan evènman espòtif prensipal nasyon nou an, ki selebre jwè gòlf ki pi talantye, ki pi konpetitif nan mond lan, epi nou kontan kontinye istwa long li nan Eta New York ak tounwa ane sa a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ak atlèt ki gen renome mondyal ak plis pase 225,000 espektatè ke yo prevwa k ap patisipe, evènman sa a pral non sèlman mete Rochester sou yon sèn mondyal - li pral bay tou yon ogmantasyon ekonomik nan tout rejyon Finger Lakes la. Mwen fyè pou m akeyi pasyone gòlf yo ki soti toupatou nan mond lan pou yo fè eksperyans ak bèl bote natirèl New York la ak biznis lokal dinamik yo epi ankouraje yo pou yo fè yon ti kanpe nan kyòs Taste NY ak I LOVE NY nou yo pou aprann plis sou tout sa eta nou an gen pou ofri."

Anplis de sa, patenarya Eta New York ak PGA of America pral kontinye an 2025 ak 45èm Koup Ryder ki pral fèt nan Bethpage State Park nan Farmingdale.

Direktè Chanpyona PGA of America a, Bryan Karns, te deklare, "Nou kontan dèske nou gen yon lòt opòtinite pou kontinye eritaj enkwayab Chanpyona PGA of America a k ap dispite nan Eta New York la. Nou konekte atravè pase nou, avèk fondasyon PGA nan Vil New York an 1916; ak prezan nou, pandan n ap òganize 13èm Chanpyona PGA

nou an nan Empire State la semèn sa a; epi nou konekte atravè fiti, ak Long Island k ap òganize pi gwo evènman nan tout gòlf la, ki se Koup Ryder a. Eta New York te fikse estanda pou òganize Gwo Chanpyona Gòlf epi semèn sa a p ap pral diferan pandan n ap montre lemonn antye sa ki pi bon nan New York."

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development Ian, Hope Knight, te deklare, "Eta New York trè fyè pou l akeyi PGA, a manm li yo, ak plizyè milye vizitè nan evènman sa a ki dire yon semèn nan Oak Hill Country Club nan Rochester. Lè nou sipòte evènman ki gen renome mondyal tankou sa a, nou jwenn gwo opòtinite pou montre bèl rejyon Finger Lakes la bay yon odyans mondyal, pataje anpil biznis, atraksyon, ak òf manje ak bwason atizanal ki fè rejyon an inik."

Pak Degistasyon Eta New York (New York State Tasting Yard) la, ki prezante pa Taste NY ak I LOVE NY, se yon eksperyans pou degiste manje ak bwason anplèn nan Oak Hill. Li pral prezante sa ki pi bon nan agrikilti Eta New York la, ak yon seri manje ak bwason an wotasyon ki soti nan plis pase 100 eksplwatasyon vitikòl, brasri atizanal, sidri, idwomèlri, ak distilri ak pwodiktè manje Eta New York yo, epi montre atraksyon ak destinasyon klas mondyal eta a yo. Eksperyans sa a pral bay vizitè Chanpyona yo yon ti goute nan pwodwi agrikòl ak kuizin klas mondyal New York la, ak yon apèsi sou divèsite fèm yo, vinyòb yo, brasri atizanal yo ak atraksyon yo atravè eta a.

Komisè Agrikilti Eta New York (New York State Agriculture) la, Richard A. Ball, te deklare, "Nou kontan anpil pou nou montre ekselans agrikilti New York la nan chanpyona PGA ane sa a nan Rochester. Gras a patenarya solid nou yo ak PGA of America, I LOVE NY, ak Empire State Development, Pak Degistasyon Etya New York la pral asire ke divès manje ak bwason ki gen bon gou New York yo pral nan premye plas la nan youn nan pi gwo tounwa nan peyi a, sa k ap bay pwodiktè nou yo yon opòtinite pou konekte ak plizyè milye patisipan atravè mond lan."

Vis Prezidan Empire State Development ak Direktè Egzekitif Touris la, Ross D. Levi, te deklare, "Pandan jwè gòlf yo ak fanatik yo ap konvèje nan Finger Lakes pou chanpyona PGA a, I LOVE NY pral nan Oak Hill Country Club pou ede vizitè yo aprann plis sou gwo atraksyon yo nan rejyon an ak nan tout Eta a, tankou teren gòlf klas mondyal, lwazi deyò pitorèsk, ak Tanp Renome espòtif enkwayab. Antanke youn nan kat gwo tounwa gòlf yo, Chanpyona PGA a ofri yon opòtinite enkwayab pou pataje atraksyon, manje ak bwason ki fè Eta New York se yon destinasyon pou vwayajè yo jwenn sa yo renmen."

Pak Degistasyon Eta New York la pral prezante pwodwi fre ki inik ki soti nan plis pase 100 pwodiktè manje ak bwason Eta New York, tankou byè ak bwason atizanal, diven, kolasyon anbale, salsa, desè, ak ba enèjetik. Imaj Pak Degistasyon an disponib [isit la](#). Pak Degistasyon an gen ladan plizyè espas ak pwomosyon espesyal ki pral angaje vizitè yo ak òf agrikòl ak touristik Eta New York yo. Sa yo gen ladan:

- **Taste NY Tasting Bar** la, montre yon seleksyon an wotasyon ki gen echantiyon manje ak bwason pwodiktè Eta New York yo.
- **I LOVE NY Lounge** lan, kote envite yo ka jwi echantiyon yo pandan y ap aprann plis sou atraksyon Eta New York yo epi achte yon souvni I LOVE NY.
- **I LOVE NY Photo Kiosk** la, ki bay envite yo opòtinite pou yo poze yo devan yon eskilti ki gen logo I LOVE NY anblematik la epi resevwa yon kat postal nimerik sou tèm I LOVE NY ak PGA.

Pak Degistasyon Eta New York la ap ouvri 15-17 me apati 9:00 am jiska 6:30 p.m., 18-20 me soti 9:00 am jiska 7:00 p.m., epi 21 me soti 9:00 a.m. rive 6:00 p.m. Yon orè pwodiktè k ap patisipe yo disponib [isit la](#).

Ane sa a make 10èm anivèsè Taste NY la, ki se pwogram prensipal Eta New York pou manje lokal, ak bwè lokal la. Nan kòmansman ane sa a, Gouvènè Hochul te anonse ke Taste NY te grandi yon fason sinifikatif depi lè lansman li an 2013, sa ki te pote plis pase 100 milyon dola nan enpak ekonomik bay pwodiktè Eta New York pandan 10 ane pwogram nan. Pandan deseni ki pase a Taste NY te fè patenarya ak gwo lokal espò yo epi fòme patenarya ak òganizatè evènman ki gen pwofil wo yo pou pote pwodui Taste NY yo nan gwo evènman espòtif yo tankou Chanpyona PGA a.

Komisè Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik Eta New York lan, Erik Kulleseid, te deklare, "Se yon sous fyète pou Eta New York òganize gwo chanpyona sa a de fwa kounye a nan senk ane ki sot pase yo. Fanatik yo ak jwè yo ap dekouvri gwo pakou soti nan yon ekstremitè nan eta nou an pou rive nan yon lòt. Nou kontan paske patenarya nou ak PGA of America ap kontinye lè nou akeyi yo ankò nan Koup Ryder 2025 lan nan Pak Eta Bethpage la."

Senatè Eta a Jeremy Cooney, te deklare, "Je mond spòtif la pral sou Rejyon Greater Rochester a pou Chanpyona PGA a. Odela 18tèm twou a; sepandan, nou pral montre poukisa Rejyon Finger Lakes la ak inivèsite ak kominote biznis klas mondyal li yo pare pou envestisman, epi li deja fè pati ekonomi inovasyon New York la k ap pwospere a."

Manm Asanble Eta a, Harry Bronson, te deklare, "Patenarya PGA a pote yon kantite envestisman ekonomik ak kwasans san parèy nan Konte Monroe, epi enpak sou kominote sa a pa ka estime twòp. Sa a espesyalman enpòtan pou ti biznis nou yo. Rejyon Finger Lakes la se yon sant pou yon seri divès kalite ba, restoran, boutik ak plis ankò ke yo posede yon fason endepandan, epi yo fè eksperyans ak yon gwo kantite revni akòz chanpyona PGA a. Chanpyona PGA a pote atansyon entènasyonal tou sou bèl bagay k ap pase nan rejyon nou an epi ankouraje konpayi ki ge tout kalite gwo pou investi nan Rochester ak nan kominote ki antoure yo."

Chèf Egzekitif Konte Monroe a, Adam Bello te deklare, "Chanpyona PGA a plis pase yon evènman gòlf premye plan: li se yon gwo ogmantasyon ekonomik tou pou rejyon nou an. Avèk plizyè mwa preparasyon pa otèl, restoran, atraksyon kiltirèl ak ti biznis nou yo dèyè nou, nou plis ke pare pou òganize tounwa klas mondyal sa a epi akeyi tout

vizitè nou yo nan Konte Monroe. Mwen rekonesan anvè PGA of America paske yo te retounen nan Oak Hill Country Club pou yon katriyèm fwa epi li ba nou opòtinite sa a pou nou montre mond lan poukisa Konte Monroe se yon bon kote pou nou viv, travay ak vizite."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Chanm Komès Greater Rochester a, Bob Duffy te deklare, "Champyona PGA 2023 a nan Oak Hill Country Club se yon opòtinite enkwayab pou montre Greater Rochester, ki chita nan kè bèl rejyon diven Finger Lakes la. Pa gen pi bon fason pou montre zòn nou an pase Pak Degistasyon Eta New York la, ki pral pèmèt plis pase 225,000 espektatè gen yon chans pou yo fè eksperyans ak pwodwi fèm, vinri, brasri, distilri, ak lòt enstitisyon agrikòl klas mondyal nou yo. Nou remèsye Gouvènè Hochul pou sipò li nan evènman eksitan epi ki gen enpak sa a, epi nou pa ka tann pou nou akeyi vizitè ak telespektatè yo ki soti toupatou nan mond lan."

Prezidan ak PDG Greater Rochester Enterprise la, Matt Hurlbutt, te deklare, "Pandan chanpyon gòlf yo retounen nan Oak Hill Country Club pou fè konpetisyon pou chanpyona PGA 2023 a, rejyon Greater Rochester a nan NY klase an premye nan nasyon an pou kwasans ak inovasyon biznis. Konpayi fabrikasyon manje ak bwason teknoloji avanse yo tankou The Coca-Cola Company, Constellation Brands, HP Hood, ak Wegmans ap grandi nan Rochester. Talan, inovasyon teknolojik ak yon lespri antreprenarya se jis kèk nan resous ki pouse konpayi yo investi ak kreye travay isit la. Gwo tounwa sa a se yon opòtinite pou fè limen pwojektè entènasyonal la sou plizyè rezon ki fè Rochester, New York, se bon kote pou gòlf nan nivo chanpyona, ansanm ak bon kote pou biznis yo grandi ak pwofite mendèv lokal ki gen anpil konpetans lan."

Don Jefferies, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Visit Rochester a, te deklare, "PGA Championship se yon evènman klas mondyal ki mete aksan sou Rochester ak Eta New York. Evènman sa a pral non sèlman pote dè santèn milye vizitè nan Rochester, men li pral tou jenere prèske 200 milyon dola nan enpak ekonomik ak depans pou rejyon nou an. Nou remèsye Gouvènè Hochul pou sipò li nan evènman sa a ak endistri touristik la an jeneral."

Administratè Otorite Mache Rejyonal Genesee Valley a, Brendan Tydings, te deklare, "Gen anpil bagay pou nou fyè nan sa ki gen pou wè ak agrikilti New York la, ak epi Pak Degistasyon Eta New York la nan Chanpyona PGA a se yon bon fason pou montre sa. Nou remèsye Taste NY Depatman Agrikilti ak Mache (Department of Agriculture and Markets, AGM) a paske li te montre tout sa rejyon sa a gen pou l ofri epi mete aksan sou anpil gwo pwodwi lokal yo. Pasyon ak angajman pwodikè lokal nou yo vrèman enspiran epi li reflekte kalite pwodwi pa yo. Mèsi tou pou Oak Hill ak PGA Tour la paske yo te ban nou platfòm pou nou rive jwenn plizyè milye moun. Nou gen konfyans ke moun k ap vwayaje soti tou pre ak byen lwen pral renmen sa Taste NY gen pou ofri epi nou espere ke tout moun pral kontinye sipòte pwodwi sa yo ki fèt nan New York."

Jennifer Kime, Manadjè Mache, Sant Dakèy Finger Lakes la, te deklare, "Pwogram Taste NY ki fè pati PGA Tour a se yon bèl opòtinite pou machann nou yo atravè eta a. Li pèmèt Eta New York ankouraje richès rejyon nou yo soti nan bwason atizanal rive

nan fwomaj, kafse, chokola, ak anpil lòt bagay ankò! Pèmèt machann nou yo patisipe nan evènman sa a pral bay gwo ekspoze atravè lemond pou yo ak potansyèl pou yo rive atenn yon nouvo odyans. Nou espere ke tout moun jwenn yon chans pou Taste NY epi swete bon chans pou tout atlet yo."

Pou plis enfòmasyon sou enpak ekonomik Chanpyona PGA 2023 la, ale [isit la](#).

Enfòmasyon sou Chanpyona PGA a

Dispite chak mwa me, Chanpyona PGA a se dezyèm gwo chanpyona an wotasyon anyèl gòlf la, epi li toujou prezante teren ki pi fò nan jwèt gason yo ki baze sou Klasman Ofisyèl Mondyal Gòlf la. Yo konnen li pou finisyon espektakilè li ak chanpyon remakab, Twofe Wanamaker a — ke yo bay gayan an depi 1916 — gen non tankou Koepka, McIlroy, Woods, Mickelson, Nicklaus, ak Player. Kòm sèl gwo chanpyona pou pwofesyonèl yo, epi pa pwofesyonèl yo, Chanpyona PGA a enflyanse avèk fòs konviksyon avni espò nou an, enspire jwè gòlf la nan nou tout nan defye atlet gòlf prensipal yo ak montre Pwofesyonèl PGA yo ki se kolòn vètebral nan jwèt la.

Enfòmasyon sou Taste NY

[Taste NY](#) mete aksan sou kalite, divèsite ak enpak ekonomik manje ak bwason ki kiltive, pwodui, oswa trete nan Eta New York. Taste NY vize kreye nouvo opòtinite pou pwodiktè yo atravè evènman yo, plas vant detay, ak patenarya, tankou Gran Fwa Eta New York la (Great New York State Fair) ak Tounwa Barclays la nan Pak Eta Bethpage. Pandan 10 ane ki pase yo, Taste NY yo te sipòte apeprè 2,000 pwodiktè manje ak bwason k ap patisipe yo nan pwogram lan atravè pwen vant, evènman, ak parenaj. An 2022, 311 nouvo pwodiktè te enskri nan pwogram lan atravè Sant Dakèy New York yo. Biznis pwodwi alimantè ak bwason Taste NY yo te sipòte kiltivatè Eta yo tou lè yo te itilize engredyan ki kiltive nan New York yo nan pwodwi yo.

Enfòmasyon sou Eta New York

Eta New York se yon destinasyon pou vakans prensipal ak atraksyon klas mondyal, bote natirèl pitorèsk, kuizin lokal ak yon sèn bwason atizanal k ap grandi, yon seri akomodasyon, ak festival ak evènman ikonik pandan tout ane a. 11 rejyon vakans divèsifye li yo prezante kèk nan plaj ki klase alatèt nan mond lan; de nan twa pi gwo pak eta yo prefere nan Etazini an; Niagara Falls espektakilè; plis zòn eski pase nenpòt lòt eta; youn nan sezon feyaj ki pi long nan nasyon an; miltip Halls of Fame (Tanp Renome); Tiwolyèn ki pi long, pi rapid ak pi wo nan Amerik Di Nò a; pi gwo zòn ki pwoteje piblikman nan avwazinaj Etazini an; ak pi long santye pou plizyè itilizasyon nan peyi a. Anplis de sa mize inik eta, moniman istorik, sit kiltirèl, bèl ti vil, ak lakou rekreyasyon iben yo, epi se pa etonan ke piblikasyon ak ekspè vwayaj yo te toujou chwazi New York kòm yon gwo destinasyon. Pou ede planifye pwochen vakans ou nan Eta New York, vizite www.iloveny.com.

Enfòmasyon sou Empire State Development

Empire State Development (ESD) se ajans devlopman ekonomik prensipal New York. Misyon ESD se pou pwomouvwa yon ekonomi ki djanm ak pwospè, ankouraje kreyasyon nouvo travay ak opòtinite ekonomik, ogmante resèt pou Eta a ak minisipalite

li yo, epi fè ekonomi lokal yo vin estab ak divèsifye. Gras a itilizasyon prè, sibvansyon, kredi taks ak lòt fòm asistans finansye yo, ESD ap fè efò pou amelyore investisman biznis prive ak kwasans pou sipòte kreyasyon travay epi sipòte kominote pwospè yo toupatou nan Eta New York. ESD se egalman ajans administratif prensipal k ap kontwole Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Councils, REDCs) Eta New York la ak komèsyalizasyon "I LOVE NY", mak touristik anblematik Eta a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Konsèy Rejyonal yo ak Empire State Development, ale sou www.regionalcouncils.ny.gov ak www.esd.ny.gov.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)